



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI EGZIJE POU DONE DEMOGRAFIK ETA A REKONÈT ASANDANS MWAYEN ORYAN AK AFRIK DI NÒ

### *Nouvo lwa a pral ede eta a etidye tandans demografik nan kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou egzije kategori koleksyon diferan pou gwoup Blan, Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò nan Eta Nouyòk. Lè yo amelyore fason ajans Eta yo kolekte done demografik yo, Nouyòk pral gen plis enfòmasyon sou difikilte inik gwoup sa a ap fè fas ak yo, e finalman, plis enfòmasyon sou solisyon politik apwopriye yo.

"Nou trè fyè ke kominote atravè lemond santi Nouyòk se lakay yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Egzamen done egzat se yon pwèn depa kle lè w ap elabore politik piblik. Lè nou garanti kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo reprezante yon fason egzat nan koleksyon done Eta a, nou pral kapab idantifye fason pou n sipòte kominote sa a pi devan."

**Lejislasyon S6584C/A6219B** ta dwe egzije pou chak ajans, konsèy, depatman, oswa komisyon eta ki kolekte done demografik sou asandans oswa orijin etnik rezidan yo, pou yo itilize kategori koleksyon ki diferan pou gwoup "Blan" nan Eta Nouyòk. Kategori ak tablo koleksyon yo gen ladan gwoup Afrik Di Nò ak Mwayen Oryan sa yo,

1. Gwoup prensipal Afrik Di Nò (North African, NA): Ejipsyen, Mawoken, Soudanè, Aljeryen, Tinizyen, ak Libyen; epi
2. Gwoup prensipal Mwayen Oryan (Middle Eastern, ME): Yemenit, Iranyen, Palestinyen, Irakyen, Libanè, Izrayelyen, Jòdanyen, Siryen, Amenyen ak Sawoudyen; epi
3. Lòt gwoup Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò (Middle Eastern and North African, MENA)

**Chèf Adjwen Sena Eta, Michael Gianaris, te deklare,** "Kategorize yon fason enkòrèk yon ras Nouyòkè pa sèlman ofansif, men li gen konsekans konkrè sou sèvis ak resous kèk kominote benefisye. Mwen fyè Gouvènè a ap siyen lejislasyon sa a ki enpòtan anpil, ki rekonèt ak onore kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò Nouyòk yo."

**Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas te deklare,** "Pandan twò lontan kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò (MENA) yo te envizib akòz mank koleksyon oswa mank vantilasyon done nou yo. Lè yo pa enkli kategori divès kominote sa yo nan resansman an epi yo pa vantile done yo nan enstitisyon leta nou yo, yo pa t pran an kont bezwen vwazen yo, e gouvènman an ta dwe toujou fè efò pou pi byen reprezante bezwen tout elektè nou yo. Mwen trè fyè pou m te travay avèk Malika, kowalisyon òganizasyon yo, ak patnè mwen nan Sena a, Senatè Gianaris, pou n te siyen pwojè lwa sa a. Li lè li tan pou yo pran an kont kominote sa yo epi pou yo pi byen konprann ak reprezante yo. Mèsi a Gouvènè Hochul paske l rekonèt epi siyen pwojè lwa sa a. Sa ap pèmèt nou pi byen sèvi kominote MENA yo antanke yon gouvènman, epi ofri yo resous yo bezwen ak yo merite."

**Senatè Eta Kristen Gonzalez te deklare,** "Nou kontan wè yo rekonèt epi reprezante kòm sadwa Nouyòkè Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo nan done nou yo. Mèsi a Gouvènè a, a Senatè Gianaris, AM Gonzalez-Rojas, ak tout defansè ki te kanpe pou kominote MENA yo".

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Mwen te fyè pou m kolabore nan finanse pwojè lwa sa a e mwen kontan yo pral siyen li. Gouvènman an ta dwe eseye fè rapò yo yon fason egzat sou done demografik popilasyon nou an ki divèsifye yon fason mèveye, epi kolekte done sa yo pral bay enfòmasyon sou fason yo rekonèt ak sipòte Nouyòkè ki se desandan Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo."

**Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare,** "Lejislasyon sa a garanti yo reprezante kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo yon fason egzat nan done demografik Eta Nouyòk yo". "Pandan twò lontan, divès kominote sa yo te gwoupe nan kategori ki kache eksperyans, bezwen, ak kontribisyon inik yo. Koleksyon done egzat esansyèl pou elabore politik ki reflekte veritab divèsite eta nou an, ankouraje ekite, epi pèmèt nou pi byen sèvi elektè nou yo."

**Manm Asanble Rebecca Seawright, te deklare,** "Reprezantasyon an enpòtan. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a pou anpeche rasis ak egzenofobi kont moun ki se desandan Mwayen Oryan oswa Afrik Di Nò (MENA) nan vil, eta ak peyi nou an. Avèk siyati lejislasyon sa a ki enpòtan anpil, Nouyòkè MENA yo p ap envizib ankò epi y ap jwenn sipò nan sosyete a, tankou aksè nan lang, lojman, swen sante ak plis ankò."

**Manm Asanble Nader J. Sayegh, te deklare,** "Antanke premye Jòdanyen-Ameriken ki eli nan Asanble Eta Nouyòk la, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen tèks lejislasyon enpòtan sa a ki rekonèt idantite Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò. Kounye a, yo ka finalman rekonèt elektè Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo, epi reprezantan yo ka reponn ak bezwen yo."

**Manm Asanble Catalina Cruz te deklare,** Manm Asanble, Catalina Cruz te deklare "Jodi a, Eta Nouyòk franchi yon etap monimantal nan direksyon ekite ak reprezantasyon egzat". "Lejislasyon sa a garanti yo p ap neglije kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò (MENA) yo ankò nan koleksyon done demografik yo, ki reflekte idantite diferan yo ak

difikilte yo te fè fas ak yo, sitou nan mouvman rasis ak egzenofobi ki egzajere. Mwen felisite kòlèg mwen, ki finanse pwojè lwa a, Jessica González-Rojas, Manm Asanble. Lidèchip enfatigab li te mete an avan pwoblèm sa a ki enpòtan anpil. Mwen remèsye tou Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a, sa ki temwanyen angajman li an favè enklizyon epi montre yo rekonèt ak valorize chak kominote nan Nouyòk."

**Manm Asanble, Doktè Anna Kelles, te deklare,** "Nou konnen Nouyòkè ki se desandan Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo toujou ap fè fas ak diskriminasyon inik ki antrene pi gwo diferans konsènan sante. Yo plis ekspoze tou a ensekirite lojman, vyolans domestik, ak povrete. Men, sistèm klasifikasyon demografik nou itilize a maske egzistans yo epi minimize sipò yo nan tout eta a. Sèl aksyon ki kòrèk pou abòde diferans sa yo se chanje pratik nou ki kache egzistans ak eksperyans yo lè nou klase yo tout nan kategori blan. Mwen vle remèsye Senatè Michael Gianaris ak Manm Asanble Jessica Gonzalez-Rojas ki finanse pwojè lwa a, paske yo defann lejislasyon enpòtan sa a pou chanje pratik sa a nan koleksyon done demografik nan Nouyòk ak Gouvènè a, paske li garanti lejislasyon enpòtan sa a vin lwa eta nou an."

**Manm Asanble Chris Burdick, te deklare,** "Lejislasyon sa a endispansab pou garanti yo dwe rekonèt Nouyòkè ki se desandan Mwayen Oryan oswa Afrik Di Nò (MENA) yo atravè koleksyon done Eta Nouyòk, ki enpòtan anpil pou bay sèvis ak sipò eta a. Popilasyon defavorize sa a te pratikman envizib epi, li pa t kapab jwenn resous ki nesèsè yo. Antanke yon kolaboratè nan finansman pwojè lwa a, mwen felisite Gouvènè a paske li siyen lwa a epi li rekonèt se pa yon mezi senbolik, men ki reprezantatif, epi sa pral mennen nan plis ekite pou kominote sa yo."

**Manm Asanble MaryJane Shimsky, te deklare,** "Moun ki se desandan Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo pataje yon seri eritaj etnik ak kiltirèl ki inik, epi yo te viktim plizyè fwa akòz idantite yo nan ane aprè atanta 11 septanm yo. Lè n apiye sou pwogrè lwa 2021 nou an ki rekonèt kominote Ameriken ki se desandan Azi ak Ensile Pasifik (Asian American and Pacific Islander, AAPI) la, lejislasyon Gouvènè Hochul siyen jodi a pral pèmèt nou idantifye domèn bezwen yo, swiv krim rayisab yo, epi pwoteje dwa moun rezidan MENA nou yo. Mwen remèsye Gouvènè a pou sipò li pou pwojè lwa sa a ak pou kominote nou yo".

**Direktris Egzekitif ak Fondatris Malikah, Rana Abdelhamid te deklare,** "Antanke yon moun ki te grandi epi ki òganize l nan Ti Ejipt, mwen kontan wè Gouvènè Kathy Hochul adopte epi siyen pwojè lwa sou vantilasyon done MENA nan Nouyòk, avèk sipò Senatè Eta a Gianaris ak Manm Asanble Gonzalez Rojas. Se yon etap ki nesèsè anpil e yo t ap tann lontan pou garanti yo pran an kont, yo wè epi yo sipòte Nouyòkè MENA yo. Efò sa a gen enplikasyon siyifikatif konsènan dwa sivil ak ekite, men nou konnen sa a se apèn kòmansman an. Nou dwe kontinye òganize nou kòm yon kowalisyon pou garanti kominote MENA nan Nouyòk yo jwenn ekite, vizibilite, ak reprezantasyon nou merite. Malikah angaje l nan travay sa a, e mwen fyè de pisans de baz la ak kowalisyon MENA nou an nan Nouyòk ki te rann viktwa sa posib."

**Doktè Debbie Almontaser, Vis Prezidan Asosyasyon Komèsan Yemenit Ameriken (Yemeni American Merchants Association) ak Prezidan Egzekitif Jeneral Bridging Cultures Group, te deklare,** "Yo konnen kominote Yemenit Ameriken an byen pou rasin antreprenarya li nan peyi Etazini ak nan mond lan. Antanke Vis Prezidan ak kofondatè Asosyasyon Komèsan Yemenit Ameriken, adopsyon pwojè lwa MENA se yon viktwa pou plis pase 10,000 biznis Yemenit Ameriken nan Vil Nouyòk ak atravè Eta Nouyòk, menm jan pou lòt kominote Arab ak Afrik Di Nò yo. Antanke yon pwopriyetè biznis ki gen estati Antrepriz Komèsyal Fanm Posede (Women-Owned Business Enterprise, WBE), mwen kontan dèske yo rekonèt nou sou plan etnik ak pami lòt kominote minorite yo rekonèt kòm Antrepriz Komèsyal yon Minorite ak/oswa Fanm posede (Minority/Women-owned Business Enterprises, MWBE). Anpil remèsiman a Senatè Gianaris ak Manm Asanble Gonzalez-Rojas pou travay enfatigab yo sou pwojè lwa sa a nan Sena a ak Asanble a, ak pou Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa sa a. Empire State montre yon lòt fwa ankò egzanp bay rès peyi nou an."

**Murad Awawdeh, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kowalisyon Imigrasyon Nouyòk (New York Immigration Coalition) te deklare,** "Adopsyon pwojè lwa sou done demografik MENA reprezante yon etap istorik pou kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò (MENA) nan Nouyòk. Pandan plizyè deseni, kominote MENA ak desandan Arab yo te envizib nan enstitisyon gouvènmantral nou yo—yo souvan pa t rekonèt idantite inik yo, difikilte yo, ak kontribisyon yo. Lejislasyon sa a pote vizibilite yo merite depi lontan, e li make yon etap siyifikatif nan batay kontinyèl pou reprezantasyon ak ekite atravè eta a. Lè yo enkli kominote MENA yo nan konvèzasyon sa yo ki enpòtan anpil, Nouyòk afime vwa yo ka jwe yon wòl nan elabore politik ki gen enpak dirèk sou lavi yo epi ki kontribye nan yon avni ki pi ekitab pou tout Nouyòkè yo."

**Somia Elrowmeim, Prezidan Direktis Jeneral ak Fondatris (Women's Empowerment Coalition of NYC) Kowalisyon pou Emansipasyon Fanm nan Vil Nouyòk te deklare,** "Adopsyon pwojè lwa sou vantilasyon done MENA se yon gwo reyalizasyon pou kominote Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò nan Nouyòk. Lejislasyon sa a abòde plizyè deseni envizibilite lè li rekonèt difikilte ak kontribisyon inik kominote sa yo. Lè yo garanti enklizyon yo nan done yo ak priz desizyon, li ouvri wout la pou plis ekite ak reprezantasyon. Kowalisyon pou Emansipasyon Fanm nan Vil Nouyòk fyè dèske li te travay men nan men ak manm enkwayab kowalisyon MENA nan Nouyòk pou fè etap sa a vin yon reyalite. Siksè sa a mete aksan sou pouvwa kolaborasyon ak angajman nou pataje pou garanti yo wè, tandè, ak enkli kominote MENA yo nan desizyon ki fasone lavi yo."

**Christine Serdjenian Yearwood, Òganizatris Tèren Rezo Aksyon Amenyen-Ameriken Nouyòk (Armenian-American Action Network New York Field), te deklare,** "Se yon moman istorik ak enkwayab pou dwa sivil Nouyòkè MENA yo. Kominote nou yo finalman pral jwenn reprezantasyon yo merite. Si w ka imajine li, ou ka Kreye li. Se yon jou triyonf gras a kowalisyon an, fòs kominote nou yo ak jenerasyon nou yo ki te refize pou yo efase yo. Pou premye fwa nan listwa, nou pral gen yon lide pi egzant sou ki moun nou ye kòm kominote MENA nan Nouyòk. Amenyen yo t ap goumen lontan epi trè di pou yo pran yo an kont nan done yo. Rezo Aksyon Amenyen-Ameriken

te sipòte avèk antouzyas pwojè lwa sa a pou kreye idantifikasyon demografik ki kòrèk pou divès kominote MENA yo nan Nouyòk. Avèk pwojè lwa sa a, nou pral finalman wè tèt nou ak eksperyans nou yo reflekte yon fason egzat nan resansman Eta Nouyòk. Nou remèsye Senatè Gianaris ak Manm Asanble Gonzalez-Rojas pou sipò yo pandan plizyè ane, Sena a ak Asanble a pou adopsyon an, ak Gouvènè Hochul paske li te siyen lwa sa a. Nou vrèman enpasyon pou n wè enpak li pral genyen, pou amelyore sante, reprezantasyon, dwa sivil, ak byennèt ekonomik nou tout kòm Nouyòkè nan MENA."

**Direktris Egzekitif Metwo Emgage nan Nouyòk (Emgage New York Metro), Heba Khalil te deklare,** "Se yon adopsyon lwa istorik pou kominote MENA atravè eta Nouyòk, sitou pandan yon ane difisil konsa. Pandan n ap gade vè lavni, nou kwè epi nou espere koleksyon done MENA yo pral gen yon enpak pozitif e dirab sou Nouyòkè MENA yo ak tout Nouyòkè yo pandan n ap travay ak fè efò pou yon avni ki pi ekita pou nou tout. Mèsi a Eta Nouyòk ak kowalisyon MENA paske nou garanti adopsyon pwojè lwa endispansab sa a."

**Anita Gundanna ak Vanessa Leung, Ko-Direktris Egzekitif Kowalisyon pou Timoun ak Fanmi Azyatik Ameriken yo (Coalition for Asian American Children and Families, CACF), te deklare,** "Siyati pwojè lwa sou vantilasyon done MENA nan Eta Nouyòk la se yon etap istorik pou garanti yo rekonèt Nouyòkè Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò (MENA) yo nan koleksyon done eta a. "Nouyòkè MENA yo fè fas ak difikilte inik nan domèn sante, edikasyon, lojman, ak reprezantasyon politik, epi genyen done klè, ki vantile sou kominote sa yo pral pèmèt gouvènman eta nou yo ak vil yo, ansanm ak òganizasyon kominotè nan tout Nouyòk, kolabore pi byen sou fason pou popilasyon sa a jwenn resous yo bezwen. Nou remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou sipò li nan pwojè lwa sa a epi nou salye Senatè Michael Gianaris, Manm Asanble Jessica González-Rojas, ak tout kòlèg defansè nou yo ak òganizasyon kominotè nan Kowalisyon MENA nan Nouyòk pou travay enfatigab yo pou garanti yo te siyen lejislasyon sa a."

**Salma Mohamed, Responsab Pledwaye ak Angajman nan Sant Sipò pou Fanmi Arab Ameriken (Arab American Family Support Center Advocacy and Engagement) te deklare,** "Nan youn nan vil ki pi divèsifye nan peyi a, Nouyòkè ki se desandan Mwayen Oryan ak Afrik Di Nò yo p ap envizib ankò, paske yo klase yo nan kategori vag tankou 'blan' oswa 'lòt'. Mank rekonesans sa a te limite reprezantasyon kiltirèl e, sa ki pi grav, li te maske veritab difikilte ak bezwen kominote nou yo, tankou aksè a swen sante kòm sadwa ak finansman kominotè. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Senatè Eta a Gianaris ak Manm Asanble Gonzalez-Rojas pou sipò yo."

**Maryam Khaldi, Òganizatris Kowalisyon Asosyasyon Arab Ameriken nan Nouyòk (Arab American Association of New York, AAANY) te deklare,** "Antanke defansè kominote dinamik MENA yo nan Nouyòk, nou menm nan AAANY selebre etap istorik sa a pou demoli plizyè deseni nou te envizib. Pwojè lwa sa a ouvri wout pou yon pi bon reprezantasyon, aksè ekita a resous endispansab yo, ak done ki reflekte prezans ak bezwen veritab nou. Sepandan, nou dwe rekonèt tou ke enklizyon pèp Izrayèl la nan lis

la kontribye nan efase Palestin ak kominote Palestinyen an yon fason kontinyèl. Nou rete detèmine pou garanti yo rekonèt Palestin pou sa li ye."

**Direktè Egzekitif Rezo Kominote Mizilman (Muslim Community Network), Husein Yatabarry te deklare,** "Adopsyon pwojè lwa sou vantilasyon done MENA se yon viktwa kominote nou yo t ap tann lontan. Li garanti Nouyòkè MENA yo p ap envizib ankò epi yo rekonèt kominote a. Se pa sèlman yon kesyon done, men tou ekite, resous, ak reprezantasyon. Nan Rezo Kominote Mizilman an, nou fyè pou nou asosye nou ak Kowalisyon MENA nan Nouyòk pou n franchi etap istorik sa a. Se sa k ap pase lè nou mete tèt nou ansanm pou goumen pou chanjman — yo finalman wè ak pran an kont kominote nou yo."

**Youssef Mubarez, Prezidan Aksyon YAMA (YAMA Action) te deklare,** "Pwojè lwa sou vantilasyon done MENA yo Gouvènè Kathy Hochul te siyen an, se yon temwayaj travay kominote nou yo. Se moman pou selebre pwogrè, paske yo garanti yo wè, tandè ak pran an kont kominote Yemenit Ameriken an ak lòt popilasyon MENA yo. Avèk done ki pi egzat, nou ka pi byen mete aksan sou kontribisyon enkwayab biznis Yemenit yo, ki nan kè katye yo nan Nouyòk, epi garanti yo benefisye resous ak rekonesans yo merite. Nou remèsye Senatè Gianaris ak Manm Asanble Gonzalez-Rojas pou sipò yo, ak Gouvènè Hochul pou lidèchip li, epi nou enpasyan pou n wè enpak pozitif sa pral pote nan kominote nou yo."

**Aktivis Kominote Yemenit Ameriken an (Yemeni American Community Activist), Badr Alsaïdi te deklare,** "Kominote nou yo t ap tann adopsyon pwojè lwa sa a lontan. Pandan plizyè deseni, nou te mal reprezante epi nou te manke resous. Se yon etap siyifikatif nan mizanplas yon reprezantasyon ekitab, ki garanti yo wè nou, tandè, ak sipòte nou. Nou enpasyan pou n kontinye travay nou kòm yon kowalisyon pou garanti kominote nou yo gen yon vwa fò nan desizyon ki afekte lavi chak jou yo."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)